

## **BAB I**

### **BUBUKA**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat tioritis jeung praktis ogé raraga tulisan.

#### **1.1. Kasang Tukang Panalungtikan**

*Kompetensi Inti dan Kompetensi Dasar* (KIKD) matéri guguritan dumasar kana kurikulum 2013 révisi 2017 mibanda kompeténsi dasar 4.3 *Mengekspresikan guguritan pupuh Durma dan Mijil dengan memperhatikan ekspresi dan teknik vokal*. Dina matéri ajar guguritan kasabit-sabit *bentuk, struktur, dan kaidah pupuh Durma dan Mijil* anu ngawengku guru lagu, guru wilangan, jeung watek.

Kaidah-kaidah lahiriah pupuh atawa guguritan dumasar ka (Damariswara, 2020, kc. 128) aya tilu perkara di antarana aya aturan jumlah engang dina sajajar (guru wilangan), aya sora vokal ahir dina tungtung jajar (guru lagu) anu mangrupa aspék purwakanti dina hiji pupuh jeung jumlah jajar dina sapadana (guru gatra), Anapon dumasar ka (Julia, 2017, kc. 67) aya unsur batiniah tina pupuh nya éta watek pupuh. Lamun urang nilik kana KIKD anu dihususkeun jadi matéri ajar di SMP mah wungkul guru lagu, guru wilangan, guru gatra jeung watek.

Dina eusi silabus KIKD pikeun SMP kurikulum 2013 révisi 2017 dina bagbagan *kegiatan pembelajaran-na* aya kegiatan *berlatih menyusun guguritan dengan memakai patokan pupuh Durma dan Mijil minimal dua bait dengan tema yang telah ditentukan*. Nyusun guguritan bisa dilakonan ku cara tinulis malah nyusun guguritan biasana ngaliwatan média tinulis. KKO *Mengekspresikan* bisa waé satata jeung *menyusun* atawa *mengekspresikan dengan tulisan* (nulis), ku kituna *mengéksprésikan* guguritan bisa dilakonan ku cara tinulis.

Sok sanajan ieu guguritan geus asup kana matéri sakola, masih réa siswa anu nganggap hésé kana matéri guguritan, Ieu perkara dirojong ku panalungtikan (Wijayanti, 2016, kc. 92) anu nétélakeun yén siswa rumasa hésé dina nyangking matéri guguritan, utamana nalika siswa kudu nulis guguritan. Sakumaha hasil observasi ka sakola anu kasebut kana mata pelajaran Basa Sunda di SMPN 1 Cikalangkulon nuduhkeun yén matéri guguritan téh mangrupa salahiji matéri

anu dianggap hésé, éta perkara kainterpretasikeun dina nilai individu jeung nilai rata-rata salasahiji kelas nya éta 53,25 kalayan data modus tunggal 40, éta perkara masih kénéh jauh tina harepan.

Salsahiji faktor anu ngalantarankeun kurangna hasil diajar guguritan téh nya éta modél pangajaran anu digunakeun kurang ngirut siswa jeung ayana istilah-istilah anu teu dipikanyaho ku siswa, antukna siswa baluweng kana matéri anu diajarkeun. Ku kituna perlu ayana modél pangajaran anu bisa ngirut kapanasaran siswa jeung komunikatif.

Modél pangajaran anu dilakonan dina ieu panalungtikan téh nya éta modél *concept sentence*, nurutkeun (Suprijono dina Kaharuddin & Hujenati, 2020, kc. 35) nétélakeun yén *concept sentence* téh mangrupa modél pangajaran anu dimimitian ku nepikeun kompeténsi, eusi matéri, ngawangun kelompok nu sipatna héterogén, nyadiakeun kecap galeuh (nu luyu jeung matéri), laju dipresentasikeun ku unggal kelompok kalayan bagentén.

Ieu modél téh mibanda kaonjoyan dina pangajaran basa, sakumaha anu ditétélakeun ku (Kurniasih & Sani, 2016 a, kc. 104) yén ieu modél pangajaran téh mibanda kaonjoyan di antarana gampang dilakonanna, teu perlu hese maham, siswa maham matéri ngaliwatan kecap galeuh anu teu panjang, siswa bisa silih ngajarkeun ka sasamana, ogé cocog kana mata pelajaran nu tangtu wungkul (hususna patali jeung pangajaran/kaparigelan basa). Ku kituna ieu modél pangajaran luyu dilarapkeun ka siswa hususna dina pangajaran basa.

Dina panalungtikan anu dilakonan ku (Inayatun, 2017, kc. 7) nétélakeun yén modél *concept sentence* bisa ngaronjatkeun hasil diajar nulis paragraf 16,13%. Ku kituna modél *concept sentence* kawilang éféktif pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa, lian ti kitu, téteła ieu modél téh bisa ngaronjatkeun kaparigelan jeung pamahaman dina pelajaran-pelajaran basa, kaasup pelajaran basa Sunda.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan téh mibanda tujuan pikeun ngukur kamampuh nulis siswa dina matéri guguritan ngaliwatan modél pangajaran *concept sentence* sangkan manggih hiji informasi naha kaparigelan nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalongkulon Taun ajaran 2022/2023 bisa ngaronjat atawa henteu ngaliwatan éta modél pangajaran *concept sentence*.

Ieu modél téh kungsi ditalungtik ogé ku Siti Maisarah Jurusan Pendidikan Guru Madrasah Ibtidaiyah (2020) anu judulna “*Penerapan Model Pembelajaran Concept Sentence untuk Meningkatkan Keterampilan Menulis Karangan Narasi Siswa pada Tema Lingkungan Sahabat Kita di Kelas V Sekolah Dasar Islam Terpadu Darel Hikmah Pekanbaru*”. Andiani Bago (2017) kalayan judul ”*Pengaruh Penggunaan Model Pembelajaran Concept Sentence terhadap hasil Belajar Menulis Karangan Narasi Kelas V SD Inpres Bontomanai Kecamatan Bontomanai Kabupaten Gowa*”.

Aya deui Panalungtikan modél pangajaran *concept sentence* saméméhna kungsi ogé dilaksanakeun kalayan judul “Modél Pangajaran *Concept Sentence* pikeun Ngaronjatkeun Nulis Sisindrian” ku Ai Rohati (2014), “Modél Concept Sentence dina Pangajaran Nulis Wawaran” ku Eneng Inggrit Hartatiana (2015). Hasil tina tilu panalungtikan di luhur téteła hasilna ngaronjat.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, diperlukeun ayana panalungtikan ngeunaan “Pangaruh Modél *Concept Sentence* pikeun Kamampuh Nulis Guguritan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII B SMPN 1 Cikalangkulon Taun ajaran 2022/2023)”. Ieu panalungtikan dipiharep jadi salahiji alternatif modél pangajaran dina matéri guguritan pikeun siswa SMP/MTs/Sadarajat.

## 1.2. Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana masalah anu ditétélakeun di luhur aya sababaraha masalah anu nyampak, di antarana:

- a. modél pangajaran anu digunakeun guru mata pelajaran basa Sunda kelas VIII B di SMPN 1 Cikalangkulon kurang numuwuhkeun kaparigelan nulis dina matéri guguritan.
- b. pamahaman siswa kana matéri guguritan masih kénéh kurang, ku kituna ngalantarankeun kaparigelan siswa dina nulis guguritan ogé masih kénéh kurang.
- c. matéri guguritan masih kawilang hésé numutkeun siswa jeung guruna.

## 1.3. Rumusan Masalah

Anapon tina idéntifikasi masalah di luhur aya sababaraha rumusan masalah, di antarana:

- a. kumaha kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalangkulon taun ajaran 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *concept sentence*?
- b. kumaha kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalangkulon taun ajaran 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél *concept sentence*?
- c. kumaha bédédaan hasil diajar nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalangkulon taun ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *concept sentence*?

#### **1.4. Tujuan Panalungtikan**

Ieu panalungtikan mibanda tujuan, éta tujuan téh diwincik jadi dua tujuan nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

##### **1.4.1. Tujuan Umum**

Tujuan umum tina panalungtikan nu dilakonan téh pikeun mikanyaho kaparigelan nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalangkulon taun ajaran 2022/2023 kalayan ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*.

##### **1.4.2. Tujuan Husus**

Anapon tujuan husus tina ieu panalungtikan pikeun medar ngeunaan:

1. kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalangkulon taun ajaran 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *concept sentence*
2. kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalangkulon taun ajaran 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél *concept sentence*
3. bédédaan hasil diajar nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalangkulon taun ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *concept sentence*

#### **1.5. Mangpaat Panalungtikan**

Dipiharep ieu panalungtikan mibanda mangpaat, boh sacara prkatis boh sacara tioritis.

##### **1.4.2. Mangpaat Tioritis**

Mangpaat ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadeudeulan élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran, hususna modél pangajaran *concept sentence* pikeun pangajaran basa Sunda hususna dina matéri guguritan.

#### **1.4.2. Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

1) Pikeun guru

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan modél pangajaran pikeun larapkeuneun ka siswa ogé ngaronjatkeun kualitas prosés KBM (*Kegiatan Belajar Mengajar*).

2) Pikeun siswa

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun pamahaman basa Sunda keur siswa hususna dina widang guguritan.

3) Pikeun pamaca

Ieu panaluntikan dipiharep bisa nambahana pangaweruhna dina widang pangajaran, hususna ngeuyeuban pangaweruh dina modél pangajaran *concept sentence*.

4) Pikeun panalungtik

Mangpaat anu karasa ku panalungtik nya éta ieu panalungtikan bisa jadi wawasan ngalarapkeun modél pangajaran dina prosés *kegiatan belajar mengajar* hususna dina cara-cara nepikeun matéri ka siswa kalayan komunikatif, variatif, jeung éfektif sangkan siswa bisa leuwih maham kana matéri anu diajarkeunana.

#### **1.6. Raraga Tulisan**

Dina ieu skripsi, raraga tulisan diwangan ku lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, anu eusina kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, Kalungguhan Tioritis Panalungtikan, jeung Hipotésis, anu eusina hakékat modél pangajaran, modél *concept sentence*, hakékat nulis, guguritan, kamampuh nulis guguritan, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis panalungtikan, jeung hipotésis.

Bab III Métode Panalungtikan, anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data, instrument panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu ngawengku kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalangkulon saacan ngagunakeun

modél *concept sentence*, kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalangkulon sanggeus ngagunakeun modél *concept sentence*, bédéaan hasil diajar nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalangkulon kana matéri Guguritan saacon jeung sanggeus ngagunakeun modél *concept sentence*.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sanggeus ieu panalungtikan.